

BAB I

BUBUKA

A. Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa hiji pakakas komunikasi dina hirup kumbuh di masarakat. Basa anu dipaké tangtuna baé basa anu merenah tur luyu jeung tingkatan anu diajak nyaritana, tujuanana sangkan naon rupa anu ditepikeun kaharti ku anu diajak nyarita.

Basa Sunda kudu tetep bisa hirup sangkan bisa nyumponan kana fungsi basa. Dina hal ieu, tangtuna pikeun urang Jawa Barat mah kudu rumawat kana basa Sunda salaku basa panganteur dina hirup kumbuhna. Lian ti eta, Kepala Dinas Pendidikan Propinsi Jawa Barat geus ngaluarkeun kaputusan dina mapag medalna kurikulum 2004 pangajaran basa jeung sastra Sunda anu nyoko kana kamampuh jeung kaparigelan ngagunakeun basa Sunda. Keur urang salaku pangatik pangajaran basa Sunda di lembaga formal, tos aya payungna nya éta Peraturan daérah (Perda) No. 5 taun 2003 ngeunaan kudu miara kana basa, sastra katut aksara daérah, anu dijéntrékeun dina Bab II, Pasal 2 jeung 3, anu unina:

- a. Memantapkan keberadaan dan kesinambungan penggunaan bahasa, sastra, dan aksara daerah sehingga menjad faktor pendukung bagi tumbuhnya jati diri dan kebanggaan daerah;
- b. Memantapkan kedudukan dan fungsi bahasa, sastra, dan aksara daerah;
- c. Melindungi, mengembangkan, memberdayakan, dan memanfaatkan bahasa, sastra, dan aksara daerah yang merupakan unsur utama kebudayaan daerah yang pada gilirannya menunjang kebudayaan nasional;
- d. Meningkatkan mutu penggunaan potensi bahasa, sastra, dan aksara daerah;
- e. Terwujudnya kurikulum pendidikan bahasa, sastra, dan aksara daerah di sekolah dan kurikulum pendidikan di luar sekolah;
- f. Terwujudnya kehidupan berbahasa daerah yang lebih baik dan bermutu;
- g. Terwujudnya apresiasi masyarakat terhadap bahasa, sastra, dan aksara daerah;
- h. Terwujudnya peran serta masyarakat dalam upaya pemeliharaan bahasa, sastra, dan aksara daerah.

Basa nya éta sistém lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistématis) tur ragam (Konvensional) diantara anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi. Sedengkeun salah sahiji hakékat basa téh nya éta sistém. Disebut sistém lantaran mangrupa beungkeutan unsur-unsur (wangun jeung eusi) anu silih lengkepan dumasar kana aturan anu tangtu pikeun ngahontal hiji tujuan. Minangka hiji sistém, basa téh mibanda sipat sistématis nya éta basa téh mibanda unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna. Sedengkeun sistématik hartina basa téh mibanda pola-pola (aturan) anu dumuk tur bisa diramalkeun kayaning aturan fonologis, morfologi, sintaksis, jeung sémantik (Sudaryat, 199:3).

Sajaba ti mangrupa sistém, basa ogé miboga fungsi, nya éta salaku alat komunikasi. Diajar basa jeung sastra Sunda dina hakékatna nya éta diajar kumaha prak-prakanana miara basa dina nepikeun pamaksudan, ngedalkeun kahayang, gunem catur, cara ngébréhkeun angen-angen, jeung sajabana.

Sakumaha ditetelakeun di luhur, fungsi basa téh salaku alat komunikasi. Hakékat sabenerna mah nya éta basa téh mangrupa prosés nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian kalawan maké sistém sora anu arbitrer. Éta téh aya ku cara langsung ngaliwatan omongan, panyatur jeung pangregep atawa ku cara teu langsung ngaliwatan basa tinulis. Éta hal téh luyu jeung ilmu pragmatik anu médar ngeunaan luyu henteuna maké basa dina komunikasi lisan boh tulisan.

Basa téh diwangun ku dua lapisan, nya éta wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua lapisan, nya éta wangun gramatik anu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap jeung morfém; wangun fonologi anu

ngawengku engang, foném jeung sora.

Lapisan eusi mangrupa eusi atawa makna. Wangun katatabasaan dipaluruh ku tata basa anu ngawengku: (1) sintaksis, anu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, jeung frasa (2) morfologi anu maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 1991 :5).

Rarangkén nya éta hiji atawa sawatara aksara anu dikantétkeun kana kecap atawa kana frase. Tempat ngantétkeunna bisa di awal, di tengah, atawa di ahir. Tujuanna nya éta sangkan ngawangun kecap rundayan. Wangun kecap anu mibanda fungsi gramatik atawa fungsi semantik sok disebut fungsi prosés morfologis. Numutkeun Prawirasumantri (1990:29) prosés morfologis dina basa, Sunda geus jinék aya tilu rupa: (1) ngararangkénan atawa *afiksasi*; (2) ngarajék atawa *reduplikasi*; jeung (3) ngantétkeun atawa komposisi. Dina basa Sunda, aya sababaraha rupa rarangkén dumasar tempatna:

- a) Rarangkén hareup (*préfix*): *ba-*, *barang-*, *di-*, *ka-*, *N-(nasal)*, *pa-*, *pada-*, *para-*, *pra-*, *pa-*, *per-*, *pi-*, *sa-*, *sang-*, *ti-*, *ting-/pating-*, *sili-/silih-*, *mang-*, *ma-*, *pari-*, *bala-*, *pri-*.
- b) Rarangkén tengah: *-um-*, *-in-*, *ar-*.
- c) Rarangkén tukang (*sufiks*): *-an*, *-eun-*, *ing-*, *keun-*, *man-*, *wan-*.

Anu dimaksud ngararangkénan (afiksasi) nya éta proses ngawangun kecap ku cara ngantétkeun (*préfix*, *infiks*, *sufiks* jeung *konfiks*) kana wangun dasarna (Sutawijaya, Spk, 1981: 8). Salah sahiji wangun rarangkén nya éta rarangkén hareup. Larapna rarangkén hareup téh loba pisan dina rupa-rupa media tulisan saperti essey, opini, karya ilmiah, novel jeung nu lianna.

Panalungtikan ngeunaan kamampuh murid dina ngalarapkeun rarangkén hareup sacara hususna teu acan aya nalungtik, aya ogé ngan ukur nyabit-nyabit ngeunaan rarangkén hareup sacara gurat badagna wungkul saperti Model Pangajaran Rarangkén Barung di SLTP (Dedi Junaedi, 1999); Rarangkén Barung dina Novel Galuring Gending karangan Tatang Sumarsono (Ahmad Bakri, 2002); jeung Rarangkén hareup dina novel Galuring Gending karangan Tatang Sumarsono (Encep Sutis, 2003)

Nilik kana sababaraha hal anu diébréhkeun di luhur panalungtikan "Kamampuh Ngalarapkeun Rarangkén Hareup Murid di Kelas IX SMP PGRI Dago Pakar Kabupaten Bandung " perlu dilaksanakeun.

B. Watesan Jeung Rumusan Masalah

1. Watesan Masalah

Rarangkén (*afiks*) anu aya dina basa Sunda téh kabéhna aya opat rupa di antarana (1) rarangkén hareup (*préfixs*); (2) rarangkén tengah (*infiks*); (3) rarangkén tukang (*sufiks*); (4) rarangkén barung (*konfiks*). Ku sabab pedaran jeung babagian rarangkén téh lega sarta rineka warna, ieu pedaran baris diwatesanan ngan ukur nalungtik rarangkén hareup. Cindékna, anu jadi masalah téh kumaha kamampuh murid kelas IX SMP PGRI dina ngalarapkeun rarangkén hareup.

2. Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah panalungtikan, masalah panalungtikan bisa dirumuskan saperti ieu di handap.

- a) Kumaha pangaweruh/pamahaman murid kelas IX SMP PGRI Dago Pakar ngeunaan rarangkén hareup ?

- b) Kumaha kamampuh dina ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah ?
- c) Rarangkén hareup naon waé anu dianggap sulit ku murid kelas IX SMP PGRI Dago Pakar ?
- d) Naha aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah ?

C. Tujuan Panalungtikan

Patali jeung rumusan masalah panalungtikan di luhur, ieu panalungtikan téh mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun :

- a) pangaweruh murid kelas IX SMP PGRI Dago Pakar ngeunaan rarangkén hareup;
- b) kamampuh murid kelas IX SMP PGRI Dago Pakar dina ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah
- c) rarangkén hareup dianggap sulit ku kelas IX SMP PGRI Dago Pakar ; jeung
- d) korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh dina ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah.

D. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipihareup miboga mangpaat saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

- a) Mangrupa informasi ngeunaan kamampuh murid dina ngalarapkeun rarangkén hareup.

- b) Méré informasi kamampuh ahir murid SMP PGRI Dago Pakar dina hasil ngitung mean, median jeung modus pikeun ngahasilkeun kualitas siswa dina ngalarapkeun makéna rarangkén hareup.
- c) Méré informasi ngeunaan bangbaluh nu disanghareupan ku murid SMP PGRI Dago Pakar dina ngalarapkeun makéna rarangkén hareup.
- d) Méré informasi ngeunaan korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh dina ngalarapkeun rarangkén hareup kana kalimah.
- e) Minangka pangdeudeul hasanah kapustakaan di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah.

E. Anggapan Dasar

Aritin nétélakeun yén Anggapan dasar téh nya éta ... *pengetahuan yang tidak diragukan lagi kebenarannya* (1989:53). Dumasar kana éta pamadegan, anggapan dasar panalungtikan téh saperti ieu di handap.

- a) Kamampuh dina ngalarapkeun makéna rarangkén hareup bisa diukur ku mean, median jeung modus pikeun ngahasilkeun kualitas siswa.
- b) Rarangkén hareup dina basa Sunda téh di antarana rarangkén hareup *ba-*, *barang-*, *di-*, *ka-*, *N-(nasal)*, *pa-*, *pada-*, *para-*, *pra-*, *pa-*, *per-*, *pi-*, *sa-*, *sang-*, *ti-*, *ting-/pating-*, *sili-/silih-*, *mang-*, *ma-*, *pari-*, *bala-*, *pri-*.
- c) Prosés ngalarapkeun rarangkén hareup miboga aturan standar, luyu jeung aturan-aturanana.

